

MOUN VILNERAB YO

Fòmasyon sou apwòch pwoteksyon lè nap travay ak
moun vilnerab yo



Objektif fòmasyon an

- Ranfòse kapasite enjenyè k ap travay nan pwojè « shelter » a sou siyifikasyon pwoteksyon ak moun vilnerab yo
- Sansibilize patisipan yo sou konpòtman yo dwe genyen lè y ap travay ak moun vilnerab yo



Plan fòmasyon an

- Kisa Pwoteksyon an ye?
- Kiyès moun vilnerab yo ye ?
- Ki konpòtman enjenyè yo dwe genyen lè yap travay ak moun vilnerab yo
- Moun vilnerab yo



Kisa pwoteksyon an ye ?

Pwoteksyon se tout aktivite ki vize retabli moun yo nan dwa yo. An jeneral, yo divize aktivite pwoteksyon yo an 3 moso:

1. Aksyon reyaksyon : ki la pou fè prevansyon, mete yon bout oubyen diminye enpak sitiyasyon vyolasyon dwa moun sou yon popilasyon oubyen yon gwoup moun.
2. Aksyon reparatris : ki gen pou objektif restore diyite viktim yo. Reyalize bon jan aksyon pou repare epi garanti pi bon kondisyon lavi swit a vyolasyon dwa viktim yo.
3. Kreyasyon/etablisman anviwonman: aktivite sa vize kreye yon anviwonman politik, sosyal, jiridik, enstitisyonel, ect. Ki pral pèmèt dwa moun yo respekte.



Kiyès moun vilnerab yo ye ?

Gwoup oubyen moun vilnerab yo se :

- * Moun sosyete a ka abandone, mete sou kote, bay bwalong kenbe, diskriminen pou divès rezon.
- * Moun, laj, orijin sosyal, nivo edikasyon, andikap, sitiyasyon ekonomik yo, pou n site sa yo sèlman, rann yo pi ekspoze pou sibi vyolans epi anpeche yo jwi dwa yo menm jan ak res popilasyon an.
- * Moun sa yo benefisye yon atansyon oubyen pwoteksyon espesyal dwa entènasyonal dwa moun ba yo akòz divès pwoblèm, risk ak vyolans yo souvan rankontre epi ki anpeche yo jwi dwa yo egalego ak rès popilasyon an.



Prensip Direktè pou travay ak moun vilnerab

- **Respè:** Sa vle di respekte chwa, dwa ak diyite benefisyè lan, respekte desizyon l, pa fòse l;
- **Sekirite:** Nan tout sikonstans fòk nou asire benefisyè lan an sekirite. Sekirite benefisyè lan dwe yon priyorite nan kad travay nou.
- **Konfidansyalite (kenbe sekrè):** benefisyè lan dwe bay konsantman l anvan nou bay kelkeswa enfòmasyon sou li. Enfòmasyon ki konsène benefisyè lan fèt pou pataje sèlman avèk pwofesyonèl ki la pou bay li asistans ak fè entèvansyon ka a merite.
- **San diskriminasyon:** benefisyè lan dwe jwenn tout sèvis ka li bezwen san okenn konsiderasyon sou orijin sosyal li, sèks li, opinyon politik li, relijyon li, ras li, nasyonalite li ak oryantasyon seksyèl li.



MOUN VILNERAB YO



IOM • OIM

Fanmi ki gen yon sèl paran

- * Chèf fanmi an se yon fanm poukont li avèk timoun yo
- * Chèf fanmi an kapab tou yon gason poukont li avèk timoun yo.
- * NB. Fanmi sa yo pi ekspoze pase lot fanmi yo.



Granmoun \geq 60 lane

- * Benefisyè an pa ka pran swen tèt li (nan ka yon granmoun ki genyen anpil laj);
- * Benefisyè an pa gen okenn fanmi oubyen fanmi l abandone l ;
- * Benefisyè an se grann oubyen gran papa ki se chèf fanmi an.

Timoun ki pa akonpanye, Timoun separe ak Òfelen

- * Fanmi an ap okipe yon timoun ki separe ak 2 paran yo oubyen lòt manm nan fanmi yo
- * Fanmi an ap okipe yon timoun ki separe ak 2 paran yo, ki lage pou kont li
- * Fanmi ap okipe yon timoun ki pèdi 2 paran l yo oubyen youn ladan yo

Fanmi laj oubyen ki gen anpil moun

- * Fanmi an gen 5 ou plis moun kap viv ansanm nan menm kay

- * NB. Souvan ou konn jwenn lòt vilnerabilite anndan fanmi sa yo



Moun kap viv avèk yon andikap

❖ Fanmi benefisyè a gen ladan yon moun ki gen yon andikap :

1. **Fizik** sa vle di moun nan pèdi yon manm nan kò a, defòmasyon, paralize nèt oubyen yon pati nan kò a paralize.
2. **Sansoryèl** tout sa ki gen rapò avèk ògàn sans yo): pa wè byen, pa tande (soud), pa pran okenn sant (odè), pè pale nan sikonstans patikilye .
3. **Entèlektyèl ak Mantal**, sa vle di moun nan gen yon kapasite entèlektyèl limite, ki bay pwoblèm nan lavi li chak jou; gwo pwoblèm sikyatrik.



Fanm ansent ak fanm kap bay timoun tete

- * Fanmi benefisyè a gen ladan yon tifi (ki ansent anvan le) oubyen yon fanm ansent
- * Fanmi benefisyè a gen ladan yon tifi oubyen yon fanm kap bay timoun tete

Moun ki gen malady grav oubyen kwonik

- * Maladi a rann moun nan pa ka fonksyone pandan yon ti tan (tretman an ap dire lontan- tansyon, sik, glokòm, elatiye).

Timoun ki nan domestisite

- * Fanmi benefisyè gen youn oubyen plizyè timoun ki rete ak moun kote yap eksplwate yo:
 - Timoun nan ka ap viv kay yon lòt manm nan fanmi l (yon matant, yon tonton)
 - Oubyen kay kay yon fo fanmi (fo matant, fo tonton) yon moun fanmi an konnen oubyen pa konnen.

Adolesan chef fanmi

- * Chè fanmi an se yon adolesan ki gen pi piti pase 18 lane

Nb. Vilnerabilite a ogmante le chef fanmi an se yon adolesan.





**MÈSI ANPIL POU ATANSYON
NOU !!!**